



### **Akademisyen Michel-Ange HYPPOLITE**

#### **Prezantasyon**

Michel-Ange HYPPOLITE fèt 24 desanm 1953 nan vil Gonayiv, depatman Latibonit peyi Ayiti. Michel-Ange Hyppolite se yon ansyen pwofesè inivèsite. Li genyen yon metriz nan Edikasyon (Université d'Ottawa, 1989). Li gen yon lisans nan Biyoloji (Jersey City State College, 1980).

#### **Piblikasyon**

Michel-Ange Hyppolite pibliye plizyè liv ak plizyè atik nan jounal ak nan rev. Pami piblikasyon sa yo, nou ka site :

- *Lèt Ife ak Soul* (rekèy tèks lèt), Edisyon Production Koukourouj, 2006.
- *Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti*, Edisyon Educa Vision, 2000.
- *Kò moun: sistèm Zo* – Liv lekòl, Educa Vision, 1996.
- *Zile Nou* – Pwezi, Editions Productions Koukourouj, 1995.
- *Anba-Lakay* – Pwezi, Editions Nèg Bosal, 1984.

#### **Angajman**

Nan kad travay li fè pou li defann oswa fè pwomosyon pou lang kreyòl la, nou jwenn domèn tankou :

- Rechèch
- Edikasyon
- Biyoloji

Se Sosyete Koukouy ak GRAHN-Canada ki te pwopoze kandidati Michel-Ange HYPPOLITE kòm Akademisyen.